druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

№ 53 (10304)

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 29 июль / Рузман

Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къо

# ТIегьай, Дагъистан, дир гIагараб тIалъи!





Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къо кIодо гьабун гIатIидаб тадбир тIобитIана районалъул культураялъул управлениялъул азбаралда.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместителал ГIабдулдибир ГIабдулдибировас, АхIмад МухIамадовас, районалъул идарабазул нухмалъулез, росабазул вакилзабаз.

Гьеб тадбиралъул гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабизе тIаде босана культураялъул управлениялъул ва библиотекаялъул хIалтIухъабаз.

Байрахъаз, игIланаз ва республикаялъул пачалихъиял гIаламатаз берцин гьабун къачIараб гьеб азбаралда тадбиралъул гIахьалчагIаз рахъунчIун кIодо гьаруна Россиялъул ва Дагъистаналъул гимнал.

Гьелдаса хадуб киназдаго байрам баркизе рагIи кьуна хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе.

**Хириял районцоял!**

**Районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасул, райсобраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдаса ракI-ракIалъ баркула нужеда, аслиял байрамазул цояблъун кколеб, Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къо.**

**Дагъистан Республикаялъул Собраниялъ 2003 соналъул 10 абилеб июлалъ хIукму гьабураб ЦIияб Конституция тасдикъ гьабуна гьебго соналъул 26 абилеб июлалъ.**

**ЦIияб Конституциялъ жаниб бачана нилъер мугIрузул ватIаналъул гIемергIасрабазул гIадаталги, халкъаздагьоркьосеб гьудуллъиги, жиндирго тарихалде ва культураялде бугеб адаб-хIурматги, гIагараб ракьалдехун бугеб тIалаб-агъазалъулаб бербалагьиги. Гьеб киналъего бугеб ритIухълъиялъ нилъее ресалги кьолел руго рекъо-решон рукIиналъеги Россиялъул Федерациялъулъ республикаялъул цолъи букIинабиялъеги.**

**Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къо-гьеб ккола киналго дагъистаниял; миллатазухъ, диниялгун социалиял рахъазухъ балагьичIого, нилъерго умумузул гIадатазул мисалалда цере лъурал масъалаби гIумруялде рахъинариялъе цолъиялде, цоцалъ гъункиялде ахIулеб къо.**

**Конституция буго нилъер пачалихъалъул кьучIги, халкъалъул гIумру демократияб къагIидаялда гIуцIцIиги бихьизабулеб, кIвар бугеб документ. Гьеб аслияб закон ккола демократиялъул аслуялда республикаялда хIалтIи гIуцIцIиялъулъ щулияб кьучIлъунги.**

**Нилъеда киназдаго бичIчIула ва лъала пачалихъалъ ва обществоялъ Конституциялъул тIалабал мухIканго тIураялъул бугеб кIудияб кIваралъул. Республикаялдаги ва гьединго районалдаги кIудияб хIалтIи гьабулеб буго социалияб, экономикияб ва культурияб рахъалъ цебетIеялъеги халкъалъул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялъеги.**

**Нилъеда кIочене бегьуларо, цере лъурал масъалаби тIурай нилъер щивасул ракIбацIцIадаб хIалтIуда бараб букIин.**

**Божарав вуго нилъер щибаб къойилаб жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIиялъ ва цадахъаб къеркьеялъ экономикияб рахъ лъикIлъизабиялъеги районалдаги республикаялдаги чIара-хьараб хIал букIинабиялъеги лъикIал ресал кьезе рукIиналда.**

**Гьарула киназего сахлъи, рекъел, щибаб рокъоб буголъи, талихI ва икъбал. Цоги нухалъ баркула киназдаго байрам.**

**Нилъер къуват- цолъиялъулъ.**




Данделъаразе лъикIаб асар гьабуна «Ботлих» ансамблялъул миллиял кьурдабазги культураялъул управлениялъул хIалтIухъабаз ахIарал халкъиял кучIдузги.

Гьелдаса хадуб байрамалъул эстафета босана районалъул централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз. Гьез, кидаго гIадин, лъикIаб хIадурлъи гьабун букIана байрамалде гьаб нухалъги. ГIуцIцIун рукIана батIи-батIиял выставкаби, рагьун рукIана бечедал столал тIаде рачIаразе. Киназего рекIее гIуна Муни росдал библиотекаялъул хIалтIухъабаз байрамалде гьабураб хIадурлъи.

Байрамалъул ахиралда, ракIалде щвеялъе, бахъана гIаммаб суратги.

**ХI. ХIасанхIажиев.**

# вушоде имадаб ватIанкIо



Вушоде имадаб ватIанкIо (магIна) лъикI щварав умумузул ватIаналде.

Гьединал хинал росулъ хутIаразул къватIире аразухъги,



къватIире аразул росдахъги, росдал жамагIаталъулги, гIагарлъиялъухъги гIагарал мугIрузухъги бугеб кIудияб урхъи жидеда бессарал рагIабаздалъун, Кванхидалъ гIумру гьабун ругел гIадамаз гьал къоязда къабул гьаруна, щиб-щибниги гIилла ккун, росуги тун, бакI-бакIазде гIумру гьабизе гочарал ва гьенирго хутIарал жидерго росуцоялги гьезул наслабазул вакилзабиги.

Кванхидалъ гьединаб тадбир букIине бугилан рагIидал, ракIалде ккана, дагьалго гIадамал дандельараб, гьитIинабго дандеруссин букIине батилинха абун. Амма, кьокьаби гьарун, цоязда хадур цоял, тадбир тIобитIулеб майданалде рештIулеб халкъ бихьараб мехалъ щакълъизегицин бачIана, гьал киналго Кванхидалъелго ругодай-ян.

Рачана кверал, рана къвалал, байбихьана тадбир. Гьеб байбихьана КъуръаналъулбергинцоцIаларабаяталдаса.

Данделъи рагьараблъун рагIинабулаго, росдал бетIер ИзрагIилица абуна:

-Нуж жанир рижараб, гIумруги кьураб, рохелги даим гьабураб росу буго гьаб. Жакъа гьанир ракIарун руго кидаялиго росуги тун, гIумру гьабизе батIи-батIиял бакIазде жал гочарал умумузул наслаби.

Балагьун, хьачIаблъун бихьулеб бугониги, жакъа Кванхидалъ чIезарун руго гIадамазе гIумру-яшав гьабиялъе къваригIарал шартIал: гьекъезе лъин буго, газ-ток буго, кватIичIого,гIатIид гьарун, къачIазе руго нухалги,-ян.

Дандруссиналъул тартиб бачунес жиндирго кIалъай байбихьана гIурус мацIалдалъун. БукIун буго гьелъиеги гIилла. Нилъерго республикаялъул батIи-батIиял шагьараздаса ва районаздаса гуребги. Россиялъул цогидал регионаздасаги, хасго, чачаналъа вакилзабиги рукIун руго гьенир гIахьаллъулел. Гьес тIоцебесеб иргаялда рагIи кьуна Кванхидалъ росдал имам МухIамадие. Киназего саламги кьун МухIамадица абуна жив кутакалда вохарав вугила умумузул росулъе рачIарал ракьцоязе салам кьезе рес щвеялдаса.

-Биччантегьабмажлислъугьине нилъ цолъизарулеблъун, вацлъи щула гьабулеблъун.

Аллагьасда дица гьарула жакъа нилъ гьанир данде гьарурал гIадин, хIисаб-суал гьабулеб къоялъ ГIаршалъул рагIдукь данде гьарулеллъун ратагиян. Гьаб мажлис тIобитIиялъул аслияб мурад-росуцоязда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи щулалъи, цоцазда гIагарлъи лъай. Нилъер гьеб мурад тIубаялъе сабаблъунги гьабеги Аллагьас гьаб нилъер дандеруссин,-ян.

Росдал имамасдаса хадуб кIалъазе рагIи кьуна бищунго росулъ кIудиявлъун рикIкIине бегьулев, росуцоязда гьоркьов тIоцебе тIадегIенаб лъай щварав МухIамадмирзаев МухIамадие.

-Ассаламу гIалайкум, хIурматияб росдал жамагIат, тIаде рачIарал гьалбал-вацал . Кьеги Аллагьас нужее сахлъи, лъикIабщиналъе тавфикъ, гIаданлъи ва бахIарчилъи. Жакъа нилъ гьанир данделъун руго нильго щал ругел лъазеги, Кванхдерил росдал тарих лъазеги. Нилъ руго захIмат бокьулел, захIматго хинкIги бахъарал, цIарги бахъарал ва гьебги цIунарал гIадамал.

МухIамадица данделъаразе бицана нус-нус соназ цебе Кванхидалъ росу бижиналъул хIакъалъулъ бугеб, цоялдаса цояб батIияб, кIиго къиса.

Кванхидалъ росдалги, гьединго



районалъул цогидал росабазулги тарихалъул хIакъалъулъ нижехъе щварал баянал газеталда рахъизе нигат буго нижер. МухIамадица бицараб гьеб кIиябго къиссаялъул хIакъалъульги кватIичIого цIализе бегьула газеталъул хадусел номеразда. Гьелда хурхун нижер гьариги буго росабалъ ругел тарихчагIазда, жидерго росдал тарих лъалезда гьеб рахъалъ редакциялъе кумек гьабеян. МухIамадица бицана кванхидалъел кире, кина-кинал бакIазде гочарал, киназ гIумру-яшав, рукIа –рахьин гьезул букIараб ва хадусеб къисмат гьезул кинаб букIараб. КIудияб гьира-шавкъгун гIенеккана гIадамал МухIамадица кьолел баяназухъ ва гьесул каламалъухъ.

Гьелдаса хадуб тартиб бачунес кIудияб баркала кьуна, жидерго заманги харжалги хвезарун, батIи-батIиял районазде, чачаналъе, калмыкиялде щун, росуцоял ругеб бакI цIехон, гьезул къадар лъазабун, кIудияб хIалтIи гьабураб группаялъе, хасго, группаялъе нухмалъи гьабурав МухIамадсагIидие. Гьесие рагIиги кьуна.

МухIамадсагIидица бицана лъабо лъагIел гIанасеб заманалда жаниб жидецаго гьабураб хIалтIулги, кире жал щваниги жидедехун букIараб хинаб, вацлъиялъулаб бербалагьиялъулги.

-Нижеца хIалтIи байбихьана кванхдерил мацIалда кIалъаялдалъун. Щвана Агъвалире-кIалъазе ккана магIарул мацIалда, чачаналъ бицана гIурус мацI. Ункъго-щуго батIияб мацIалда кIалъалел руго нилъер росдал агьлу. Нилъер халкъалъ гIумру гьабулеб бакIазул география кигIанги гIатIидаб буго.

Гьеб хIалтIи байбихьулеб мехалъ нижеда кколаан нилъер кинавниги 3500-4000 гIанасев чи ватилин абун. Лъабо сон тIубачIеб заманалда жаниб нижеда ватана 7000 гIанасев чи, гьелги Турциялда ругел рикIкIичIого. Ин Ша Аллагь щвела ниж Турциялдеги.



**Кванхдерил гьеб гьитIинабго росдал гIадамал анкьазаргоялдасанцIикIкIарал ратани, районалъул чIахIиял росабазул халкъ рикIкIун хадурго гьезе ратиларо.**

# ЛъикI щварав умумузул ватIаналде







**Дирго хIисабалда лъикI букIинаан цогидал росабалъги гьединалго тадбирал тIоритIани. Кванхдерица лъикIаб мисал бихьизабуна киназего.**

ХIалтIи байбихьаралдаса жакъа къоялде щвезегIан нижеда бажарана кIинусгосонилаб росдал тарих рагьизе,гьелдаса гъваридго рикIкIизе нижеда бажаричIо.Амма хIалтIи гьелда лъугьизе тун гьечIо,баянал нижеца жеги ракIарулел руго.

Гьабулеб хIалтIи рагIалде бахъинабиялъе нижее къуват кьолеб букIана ниж кире щваниги гIадамазул нижедехун букIараб хинаб вацлъиялъулаб бербалагьиялъ. Гьедин къабул гьаруна ниж чачаналъ Хатуни, Автури росабалъги. Дие бокъун буго рагIи кьезе гьениса гьалбадерие.

ТIаде вахъана ригь арав, чачаналъа вачIарав кванхдерил вакил ва киназего саламги кьуна гьес. ТIадвуссун цIидасаго салам кьуна гьес херлъиялъ, сахлъи гьечIолъиялъ гьеб тадбиралде рачIине хIал гIечIел гIадамазул рахъалдаса.

-Дун гьанив унев вукIин рагIун,гIемерал рачIана, хасго, херал чагIи, жидер рахъалдаса данделъарал киназего саламгIаги кьейилан.

**ГьечIищ, хIурматиял, доб зазида рештIараб хIинчIалъул къиса ракIалде щолеб.**

КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда жалго, зулму гьабун, гочине гьариялъулги ва гьениса тIадруссун хадуб, чачаналъе гочинарурал кванхдерица гьабураб гIаданлъиялъулги бицана чачаналъа гьалбадерица.

КIалъазе рахъана гIемерал; гIалимзаби, диниял церехъаби жамагIаталъулги гIолилазулги



вакилзаби, районалдаги ва районтун къватIирхунги батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIулел кванхидалъел. Гьез бицана гIумру гьабун ругеб бакIалда бугеб рукIа-рахъиналъул, гIадлу-низамалъул, кIочене течIого цIунизе жидеца хIаракат бахъулел умумузул гIадатазул. Амма аслияблъун гьел киналго кIалъаязулъ букIана магIарухъ, гьалагаб ГIанди-гIурул рагIалда жиб бугеб, цIцIикIарасезда бицунеб рагIун гурого жиб бихьичIеб, гьитIинабго Кванхидалъ росдаде бугеб рокьиги, гIищкъуги, урхъиги.

Тадбиралъул ахиралда хIалтIулаб группаялъул гIахьалчагIазе, гьелъие нухмалъи гьабурав МухIамадсагIидица кьуна кIудияб баркалаги Баркалаялъулал кагъаталги.

Бокьун буго макъала лъугьизабизе тадбир бачунес гIагараб росдаде хъвараб кочIол мухъаздалъун.

**РикIкIада мугIрузул тIогьиллъабазда**
**Азарго иццул лъим данделъун гIураб**
**Хехаб ГIанди-гIурул рагIаллъиялда**
**Буго дир гIагараб Кванхидалъ росу.**
**Анкьго векалъ цебе анкьумумуца**
**ЩIамул майдан батун жиндий кьучI лъураб.**
**Кир ралагьаниги рорхатал гохIал**
**Кьураби гурони майданлъи гьечIеб.**
**Нус-нус соназ цере цIамалда хадур**
**Кинабго Дагъистан мугIрул чачанлъи**
**КинабгIаги кванил нигIматги босун**
**РачIунаан гьенир хис-бас гьабизе.**
**ЩIамалъул баркаталъ ракъул сонаца**
**Ракъи-къеч бихьичIо кванхидалъезда**
**Къалиялъухъ къали хисун босизе**
**Росулъ бачIунаан кинабго нигIмат.**
**Имам Шамилица гъазаваталде**
**Чапар жинца витIун тIаса рищарал**
**Рагъуй гьунар бугел кванхдерил васал**
**Чанги шагьидлъана диналъе гIоло.**
**Росдал гIадилзабаз гIадлуги гьабун**
**Шамил Имамасул боялда хадур**
**Хасал чагIи тана цIам босун унел**
**Гьел ругел мугIрузда иргадал инзе.**
**ТIагIам цебе лъедал Шамил Имамас**
**Бисмиллаги бахъун цIам босулаан**
**Гьеб цIам гьабуразе гьеб бачIаразе**
**ДугIа гьабулаан кинабго росдай.**
**Гьал чIахIиял хъитIал хъачIал кьураби**
**Кире ниж щваниги щола ракIалде**
**Умумузул ВатIан вижараб росу**
**Бокьула дие мун дунял тезегIан.**

Тадбиралъул ахиралда росдал бетIер ИзрагIилица чачаналъа рачIарал гьалбадерие сайгъат гьаруна **«Цо халкъ, цо тарих»** абурал тIахьалги, цо-цо гьали кванхдерил цIамулги. Гьелдаса хадуб мажгиталъуб жамагIаталда къадекакги бан, квана-гьекъон хадуб гьалбадерица лъай-хъвай гьабуна росдалгун ва гIадамазулгун.

Ахиралда ракIалдещвеялъе гIаммаб суратги бахъана.

**Агъларов А.**



ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**Директорасул ишал тIуралев**

**А. Агъларов**

**Мухбирзаби:**

**ГI. МухIамадова**

**П. Дибирова**

**П. Камилова**

**М. МухIамадова**

**ХI. ХIасанхIажиев**

**Фотокорреспондентал:**

**К. Камилов**

**Ш. МуртазагIалиев**

**Корректор**

**П.МухIамадова**

**Наборщица**

**П. Эльдарова**

**Дизайнер**

**С. Камилова**

***Индекс: 368970***

***Адрес:***

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

***Телефон:***

***Директорасул 8928 680 50 42***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

***Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*

*Тираж -800 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.**

**от 31 мая 2017 года.**

**ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**

# СВОЕВРЕМЕННАЯ ОПЛАТА - ОБЯЗАННОСТЬ КАЖДОГО ПОТРЕБИТЕЛЯ ГАЗА




ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что оплату за потребленный газ необходимо производить до 10 числа каждого месяца.

Потребителям, имеющим задолженность за потреблённый газ, необходимо срочно погасить её.

Заплатить за газ без комиссии и очередей, можно дистанционно, используя онлайн сервисы в «Личном кабинете абонента» на сайте www.mkala-mrg.ru или скачав мобильное приложение «Мой ГАЗ» на смартфон.

В «Личном кабинете абонента» содержится информация о предыдущих платежах абонента, а также указана сумма задолженности за газ.

Уважаемые абоненты! Не копите долги и совершайте все расчёты вовремя!

Контакт-центр по вопросам расчётов за газ ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» - 8 800 200 98 04.

Сайт компании www.mkala-mrg.ru.

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

## К СВЕДЕНИЮ ЖИТЕЛЕЙ БОТЛИХСКОГО РАЙОНА

В целях оказания адресной социальной помощи отдельным категориям граждан в рамках догазификации Республики Дагестан Правительством Республики Дагестан принято постановление от 6 апреля 2022 года № 69 «Об утверждении порядка предоставления меры социальной поддержки в виде единовременной денежной выплаты на оплату расходов, связанных с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка, отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан» **(далее – постановление).**

Единовременная денежная выплата на оплату расходов, связанных с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка **(далее – единовременная денежная выплата),** будет предоставляться государственными казенными учреждениями Республики Дагестан – управлениями социальной защиты населения в муниципальных районах и городских округах **(далее – управления социальной защиты населения)** гражданам, зарегистрированным по месту их жительства в принадлежащих им на праве собственности жилых помещениях, заключивших с газораспределительной организацией договор о подключении указанного жилого помещения к сетям газораспределения после 21 апреля 2021 года, а также выполнивших свои обязательства в рамках договора по подготовке домовладения к приему газа:

а) участникам и инвалидам Великой Отечественной войны;

б) вдовам погибших (умерших) участников и инвалидов Великой Отечественной войны;

в) бывшим несовершеннолетним узникам фашизма;

г) лицам, награжденным знаком «Жителю блокадного Ленинграда»;

д) ветеранам Великой Отечественной войны – труженикам тыла из числа лиц, указанных в подпункте 4 пункта 1 статьи 2 Федерального закона «О ветеранах»;

е) инвалидам I группы;

ж) семьям, имеющим детей-инвалидов, со среднедушевым доходом, размер которого не превышает величину прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан, члены (один из членов) которых являются (является) собственниками (собственником) жилых помещений;

з) многодетным семьям, имеющим 3 и более детей в возрасте до 18 лет, в том числе усыновленных (удочеренных), приемных, со среднедушевым доходом, размер которого не превышает величину прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан, члены (один из членов) которых являются (является) собственниками (собственником) жилых помещений;

и) одиноко проживающим неработающим гражданам старше 60 лет, являющихся получателями пенсии, которая установлена (назначена) в соответствии с федеральными законами «О страховых пенсиях» и «О государственном пенсионном обеспечении в Российской Федерации», при условии, что размер их пенсии не превышает величину прожиточного минимума, установленного в Республике Дагестан для пенсионеров.

Единовременная денежная выплата будет предоставляться однократно и не более чем на одно жилое помещение в размере фактических расходов, но не превышающих 90 000 (девяносто тысяч) рублей.

Получить услугу можно будет через МФЦ, сайт госуслуг или обратившись в управление социальной защиты населения по месту жительства. Денежная компенсация предоставляется только один раз независимо от




количества собственников газифицируемого жилого помещения.

Необходимый перечень документов:

а) копия документа, удостоверяющего личность заявителя;

б) копия документа, категория основание (удостоверение, справка МСЭ);

в) СНИЛС;

г) сведения о правоустанавливающих документах на жилое помещение, права на которое зарегистрированы в Едином государственном реестре недвижимости (по инициативе заявителя); (зелёнки жилого помещения)

д) сведения о регистрации заявителя и членов его семьи по месту жительства в жилом помещении, выданные территориальным органом федерального органа исполнительной власти, уполномоченного на осуществление федерального государственного контроля (надзора) в сфере миграции (по инициативе заявителя);

е) реквизиты лицевого счета заявителя в банке;

ж) заключенный с газораспределительной организацией после 21 апреля 2021 года договор о подключении (технологическом присоединении) газоиспользующего оборудования и объектов капитального строительства к сети газораспределения;

з) акт о подключении (технологическом присоединении), содержащий информацию о разграничении имущественной принадлежности и эксплуатационной ответственности сторон;

и) сведения о доходах всех членов семьи за двенадцать календарных месяцев, предшествующих четырем календарным месяцам перед месяцем обращения для предоставления единовременной денежной выплаты, определенных постановлением Правительства Российской Федерации от 20 августа 2003 г. № 512 «О перечне видов доходов, учитываемых при расчете среднедушевого дохода семьи и дохода одиноко проживающего гражданина для оказания им государственной социальной помощи» (по инициативе заявителя);

к) сведения о заключении (расторжении) брака (для лиц, указанных в подпунктах «ж» и «з» пункта 2 настоящего Порядка) (по инициативе заявителя);

л) документы, подтверждающие фактические расходы, связанные с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка.

Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъ 1993 соналъ МухIамадов Исахан Юсуповичасул цIаралда кьураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат А №100355 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**